Human Resources Administration
Department of Homeless Services
Department of Social Services

Renouvèlman CityFHEPS
Kesyon yo Poze Souvan
(Haitian Creole)

Èske mwen dwe renouvle CityFHEPS mwen an?

Wi. Ou dwe renouvle sibvansyon CityFHEPS ou a. Nou pral voye yon aplikasyon renouvèlman ba ou senk (5) mwa anvan fen ane sibvansyon an. Lè ou resevwa aplikasyon renouvèlman ou a, w ap gen pou voye li retounen ban nou epi:

- Konfime ke w toujou rete nan apatman CityFHEPS ou an
- Konfime kantite moun k ap viv lakay ou
- Soumèt enfòmasyon ajou konsènan revni ou

Si ou pa retounen aplikasyon renouvèlman an ak nenpòt dokiman sipò yo avan premye dat limit la, n ap voye yon avi avètisman ba ou.

Si ou pa voye sa nou bezwen yo nan dat limit ki sou avi avètisman an, nou pa pral kapab trete aplikasyon renouvèlman ou a nan 30 jou anvan fen ane sibvansyon an. Ou menm ak pwopriyetè kay ou a ap resevwa yon avi revokasyon final la.

E si mwen retounen renouvèlman m nan an reta?

Si ou voye renouvèlman w lan an reta (apre avi sibvansyon an fini) sa ka gen konsekans negatif. Ou ka rive ale nan Tribinal Lojman (housing court) epi riske pèdi kay ou a.

Men, si aplikasyon renouvèlman anreta w la rive nan men nou nan yon (1) ane apre fen ane sibvansyon an, oswa pi lontan si gen yon rezon valab, gen posiblite pou renouvle oswa restore sibvansyon an.

(Vire paj)

Kijan pou mwen soumèt renouvèlman CityFHEPS mwen an?

Soumisyon sou Entènèt atravè ACCESS HRA (AHRA) se fason ki pi fasil ak pi rapid pou soumèt aplikasyon renouvèlman CityFHEPS ou a.

Soumèt Fòm Renouvèlman Ou an

- Ale nan www.nyc.gov/accesshra oswa itilize aplikasyon mobil ACCESS HRA (AHRA).
- Konekte sou kont ou oswa kreye yon kont si ou poko gen youn.
- Lye dosye w yo ak kont ou si w poko fè sa.
- Desann pou wè **Dosye ki Aktif ak Aplikasyon k ap Trete yo**.
- Jwenn kat dosye CityFHEPS ou a epi klike sou bouton "**Renouvle**" a.
- Ranpli tout enfòmasyon pou renouvèlman an epi soumèt fòm renouvèlman ou an.

Soumèt Dokiman Obligatwa yo

Telechaje dokiman ou yo sou aplikasyon mobil AHRA a pou w ka verifye nenpòt chanjman nan sitiyasyon w ap viv la tankou chanjman nan revni, resous, lwaye, sèvis piblik, kantite moun nan fanmi ou, depans pou gadri, ak nenpòt lòt chanjman.
Pou plis enfòmasyon: www.nyc.gov/hradocs

Ou pa Kapab Soumèt li Anliy?

Si w pa ka itilize aplikasyon AHRA a pou w voye enfòmasyon adisyonèl yo pou nou oubyen dokiman nou te mande pou w ban nou yo, ou ka toujou voye yo ban nou atravè imèl, lapòs, oubyen fè livrezon kopi dokiman yo voye ban nou:

Imèl: CityFHEPSrenewals@hra.nyc.gov

Kourye oswa livrezon: CityFHEPS
Administrasyon Resous Imèn NYC
109 East 16th Street
New York, New York 10003

Nenpòt fason w soumèt li a, depi ajans la resevwa renouvèlman w lan, n ap voye konfimasyon ba ou pou n fè w konnen, nou resevwa l. Si ou soumèt li anliy, ki se fason ki pi fasil ak pi rapid, w ap resevwa konfimasyon touswit ke ou te soumèt li.

(Vire paj)

E si ta gen yon chanjman nan kantite moun ki nan fanmi mwen?

Si yon moun kite kay ou, maksimòm kantite lwaye kay ou kalifye pou li a ka diminye. Si sa rive, ou ka gen pou w transfere nan yon nouvo apatman ki pi bon mache.

Si kantite moun k ap viv avèk ou a ogmante epi lojman w lan vin twò piti, ou ka fè yon demann transfè pou yon rezon valab pou w ka al viv nan yon lojman ki pi gwo; pou w fè sa, ale nan biwo pwogram Homebase nan zòn ou an.

Ki kantite revni kay mwen ka genyen?

Fwaye ou ka genyen jiska 80% revni brit nan Revni Mwayen Zòn lan (AMI) epi li toujou kalifye pou yon renouvèlman CityFHEPS.

Èske mwen bezwen gen yon nouvo kontra lokasyon pou renouvle CityFHEPS la?

Ou pa oblije fè yon renouvèlman kontra lokasyon avèk pwopriyetè kay la pou w kontinye nan pwogram CityFHEPS la. Toutotan ou toujou kalifye pou CityFHEPS la epi ou renouvle sibvansyon an, pwogram lan ap kontinye.

Kijan mwen kapab genyen yon ogmantasyon sou pri lwaye CityFHEPS mwen an?

Si pri lwaye ou a monte, ka gen posiblite pou nou ogmante sibvansyon an. Ou pral bezwen montre nou yon nouvo kontra lokasyon ki siyen ak pri lwaye ki pi wo a. Tanpri ban nou nouvo kontra lokasyon an lè ou voye fòmilè renouvèlman w lan. Si w te vin abite nan apatman w lan anvan Janvye 2022, tanpri ban nou yon fòm ki ranpli ak Enfòmasyon sou Sèvis Piblik Pwopriyetè kay la peye.

Kisa Fòm Enfòmasyon sou Pwopriyetè a ye epi poukisa Administrasyon Resous Imèn (HRA) bezwen li?

HRA pap peye montan pou yon apatman avèk sèvis piblik yo si pwopriyetè a pa bay kèk oswa tout sèvis yo. Pwopriyetè yo dwe ranpli yon Fòm Enfòmasyon sou Sèvis Piblik pou di HRA ki sèvis piblik, si genyen, y ap bay.

(Vire paj)

Kisa ki yon alokasyon sèvis piblik ak yon pèman sèvis piblik?
tout sèvis piblik ki peye pa yon lokatè ap gen pou soti sou kantite lajan sibvansyon ke Administrasyon Resous Imèn (HRA) pral peye mèt kay la. Kantite lajan yo retire a rele "alokasyon pou sèvis piblik". Si lwaye w la pa kouvri yon pati oubyen tout sèvis piblik ou yo, epi lwaye w la mwens pase alokasyon maksimòm nan, ou pral resevwa yon alokasyon pou w ka peye sèvis piblik sa yo. Alokasyon sèvis piblik ou a baze sou pri kay ou abitye peye sèvis piblik yo nan diferan dimansyon.

Si alokasyon w bay pou sèvis piblik yo plis pase montan patisipasyon w nan fwaye a, n ap voye montan ki rete a pa kourye ba ou yon fason pou w kapab itilize li pou peye sèvis piblik ou yo dirèkteman. Montan sa a rele "pèman sèvis piblik."

Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou sit entènèt DSS CityFHEPS la sou https://www1.nyc.gov/site/hra/help/cityfheps-documents.page.

Pou konbyen tan mwen ka jwenn CityFHEPS?
Ou ka resevwa CityFHEPS pou yon total senk (5) ane. Sa gen ladann nenpòt kilè ou ka te resevwa peman nan ansyen pwogram asistans pou lokasyon yo (CITYFEPS, LINC, SEPS oswa Pathway Home).

Limit senk (5) ane sa a pa aplike pou tout kay. Si lakay ou gen yon moun ki gen 60 an oswa plis, oswa yon adilt ki resevwa avantaj federal pou andikap, pa gen okenn limit sou tan. Epitou, nan sèten sikonstans, nou ka pwolonje sibvansyon w lan plis pase limit senk (5) ane a si ou gen yon bon rezon.

Lè w ap apwoche limit senk (5) ane ou a, n ap voye pou ou yon aplikasyon pa kourye pou renouvèlman ak yon bon rezon.

Renouvèlman yo disponib si kay yo kontinye ranpli kondisyon pou kalifikasyon yo ak si kontinye gen finasman ki disponib.